

**Yon Souri
Ansante pou Ou
ak Fanmi-w**



Dan-w Yo Enpòtan pou:



Manje

Pale

Fason-w regade

Dan Bebe yo

Dan Bebe-yo enpòtan osi; yo ede timoun-yo pale klèman ak moulen manje epi yo “rezève espas” pou dan pèmanan yo.




Dan Pouri se yon Enfeksyon

Sa ki lakòz dan pouri se:

- Bakteri (jèm) ki chita nan plak*
- Manje sikre ak bwason sikre
- Pa bwose dan yo osinon pa bwose dan yo kòrèkteman (ki kite jèm)

*PLAK se yon fim oswa yon kouch ki gen bakteri ki fòme nan dan ak jansiv ou.


Yon Atak Asid:



Bakteri ki nan plak la pwodui yon asid e asid sila-a detwi emay dan an (yon kouvèti di ki kouvri dan an) epi, apre atak sou atak, li fè yon twou oswa "kavite."

Bwè Soda

- Bwè soda souvan ap ogmante risk pou dan-w gate
- Sik ak asid konbine ak bakteri ki nan bouch pou fòme plis asid
- Menm soda dayèt, san-sik gen asid ki kapab gate dan-w



Rezilta Dan Pouri:

- Doulè ak enfeksyon
- Difikilte pou pale
- Difikilte pou moulen
- Difikilte pou konsantre
- Pèdi amou-pwòp
- Pèdi jou nan travay oswa lekòl
- Nitrisyon pòv
- Byen chè pou repara

Maladi Jansiv



Foto sa-a se koutwazi de Doktè Walter Colon

Foto sa-a montre enfeksyon bakteryal ki nan bouch ke montaj plak ki nan dan ak nan jansiv lakòz.

Maladi Jansiv



www.doctorfernandofuentes.cl

*Jansiv ki senyen lè ou ap flòs
oswa bwose pa nòmàl

*Lòt siy de maladi jansiv enkli:

jansiv gonfle

jansiv rouj


jansiv mou

movèz-alèn

dan souke

Maladi Jansiv Nan Moman Gwosès Ka Lakòz:

- **Tibebe-yo prematire**
 - Tibebe prematire-yo kapab gen pwoblèm pou tout vi yo
- **Tibebe yo fèt avèk twòp piti pwa**
- **Dyabèt**
 - Dyabèt ki pa kontwole ka bay konplikasyon grav
- **Maladi kè**
- **Yon timè nan jansiv ou**



Dan Pouri ak Maladi Jansiv

- Li pi bon pou trete anvan ou vini ansent
- Kapab trete pandan ou ansent

Ou Kapab Anpeche Dan Pouri ak Maladi Jansiv lè-w:



Bwose dan-yo de fwa pa jou

Flòs dan-yo yon fwa pa jou

Limite kantite sik ke ou manje
oubyen bwè

Ale nan dantis pou tcheke
dan-w ak jansiv-ou omwen
yon fwa pa ane

Bon Bwosaj



Panche bwòs la nan yon ang de 45 degre kont liy jansiv la.

Bwose sèlman 2-3 dan a la fwa, dousman bwose deyò, anndan ak sifas kote ou moulen-yo de tout dan-w.

Itilize ti mouvman kout ale-tounen oswa sikilè.



Pa bliye bwose lang-ou pou retire plak (bakteri) ak rafreshi alèn ou!

Bon Flòs

Itilize dwèt lemajè ou, vlope fil flòs la anviron 18 pous ladan yo (men pa twò sere).

Kite apeprè 1 ou 2 pous de fil flòs nan mitan men ou yo. Itilize dwèt pou ak endèks pou kenbe/gide fil flòs la.

Kounyea, swiv liy koub dan-w yo dousman, pandan w-ap glise monte-desann fil flòs la nan sifas dan-an pou yon ti tan. Asire-w ke ou ale anba liy jansiv la pou retire bakteri.



Konsèy



- Bay tibebe-w tete. Tibebe ki bwè tete konplètman gen mwens kavite ke tibebe ki bwè nan bibwon.
- Pa mete ji, soda osinon okenn bwason sikre nan bibwon oubyen gode tibebe ou
- Pa netwaye sison tibebe-yo ak bouch ou
- Kòmanse byen depi nan kòmansman, netwaye jansiv ak dan tibebe-ou avèk yon ti sèvyèt mou e pwòp
- Pa mete tibebe a nan kabann ak yon bibwon
- Retire tibebe-ou nan bibwon lè li gen apeprè 14 mwa

Plis Konsèy



- Pa pataje kiyè osinon lòt vesèl ki soti nan bouch ou
- Bwè dlo oswa lèt ki gen tikras grès olyede de soda ak lòt tip de bwason ki gen sik
- Evite manje ki gen anpil sik ak manje k'ap kole nan dan-w
- Bwose dan timoun-ou de fwa pa jou avèk yon tikal pat dantifris fliyòrid "badijonnen"
- Mennen timoun ou kay dantis lè li gen 1 an ou mwens
- Pale avèk dantis oswa doktè timoun ou de vèni fliyòrid
- Pale avèk yon dantis sou zafè mastik

Kanpe
simayaj
enfeksyon...
dan pou ri se
yon
enfeksyon!



*Eske wap bay ti
bebe ou la manje
dan kanni?*



Lè ou mete manje, ak kiyè, ak sison ki
soti nan bouch ou nan bouch tibebe ou la,
ou bay li mikwòb ki lakòz dan kanni.

Dan yo Fèt pou Dire pou Lavi...



Alò kounyea balon-an
nan men-w!

Kesyon

Ki sa ou te wè oswa aprann la-a
jodiya ke ou pral fè lakay ou?